



Maura T. Healey
Governor

Kimberley Driscoll
Lieutenant Governor

Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

100 Cambridge Street, Boston MA 02114 • 617-292-5500

Rebecca L. Tepper
Secretary

Bonnie Heiple
Commissioner

AVI PIBLIK

15/9/2025

Avi sa a fè konnen ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (MassDEP), aji an akò avèk règleman 310 CMR 7.00: Apendis B(6)(d)3., ap bay Avi pou yon peryòd kòmantè piblik konsènan Pwopozisyon Apwobasyon pou kreyasyon kredi pou rediksyon emisyon yo (ERC) dapre 310 CMR 7.00: Apendis B. Avi Kòmantè Piblik sa a disponib nan lòt lang tankou (Español, Português, Kreyòl Ayisyen, 繁體中文, 简体中文, ༄ྲུའི་སྐད་ཀྱི་ཡི་ཁྱོད་, Viêt, Kriolu Kabuverdianu, Русский, عربي, Français) sou sit wèb MassDEP a nan: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>.

MassDEP pibliye pwopozisyon pou apwouve ERC yo epi li pibliye Pwopozisyon Apwobasyon an pou:

Aplikasyon: Me. Joseph J. Michaud
The Newark Group, LLC
100 Newark Way, 85 Princeton Rd.
Fitchburg, MA 01420

Pou mete yon fen nan dosye aparèy papye EU3 a, ak aparèy echofaj EU10 la, ki sitiye nan 100 Newark Way, 85 Princeton Rd., Fitchburg, MA 01420 (ePLACE No Aplikasyon an.: **25-AQ18-0002-APP**).

Aplikasyon an, ak desizyon MassDEP pwopoze a disponib sou Pòtal Aksè Piblik EEA Eplace la sou <https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/PublicApp/>. * Aplikasyon an, desizyon MassDEP te pwopoze a, ak dosye administratif yo disponib pou enspeksyon nan Biwo MassDEP a nan adrès ki nan tèt feyè lèt sa a. Kòmantè konsènan Desizyon yo Pwopoze a dwe soumèt alekri avan **5:00 PM le 15 Oktòb, 2025**. Nou dwe soumèt kòmantè yo atravè Pòtal Aksè Piblik la, atravè imèl bay Michael.Woodman@mass.gov, oswa atravè lapòs nan adrès ki nan tèt feyè lèt sa a.

Si yon moun oswa yon gwoup de dis (10) moun pa bay kòmantè alekri sou desizyon MassDEP a pwopoze a, sa ap lakòz yo renonse a tout dwa pou mande yon odyans jiridiksyonèl sou desizyon MassDEP a dapre 310 CMR 7.51(1), Règleman pou Mande yon Odyans Jiridiksyonèl.

Kèlkeswa moun nan, oswa gwoup de dis (10) moun, ki vle resevwa yon kopi desizyon final MassDEP a nan dat MassDEP bay aplikan an desizyon an, dwe soumèt yon demann alekri pa imèl oswa pa lapòs òdinè nan adrès sa a:

Michael Woodman
Branch Chief, Air Stationary Sources, Bureau of Air and Waste
Imèl: Michael.Woodman@mass.gov
Lapòs: 100 Cambridge Street, Boston MA 02114

* Nan paj prensipal la, klike sou bouton oranj “rechèch ak/oswa Komante” a epi klike sou aplikasyon ou ta renmen revize a oswa fè kòmantè sou li a.